



Selebrasyon 8 mas - Jounen entènasyonal dwa fanm Aktivite Kay Fanm ak Rezo Fanm Salagnak nan Nip Dimanch 21 mas 2021

Dwa fanm

1. Tout moun gen dwa

- Tout moun nèt gen dwa, kelkanswa sa ou ye a, kelkanswa laj ou, kelkanswa sitiyou ou nan lavi a, kelkanswa kote w ap viv la.
- Pou peyi d Ayiti, dwa sa yo garanti nan *Deklarasyon inivèsèl dwa moun* peyi a te siyen, nan Konstitisyon an ak nan lòt règleman lalwa.
- Fanm se moun, egal dwa fanm se dwa moun.

2. Dwa espesyal fanm : Kèk ekzanp

2.1. Dwa espesyal fanm, pa vle di fanm gen plis dwa pase gason.

- Se yon fason pou atire atansyon sou sitiyou moun ki fi yo nan sosyete a.
- Se yon fason pou pran an konsiderasyon bezwen espesyal moun ki fi yo.

2.2. Nan zafè lasante

- Kò fanm mande swen sante espesyal : Règ, enfeksyon nan pati yo, planin, gwoès, akouchman, alètman, maladi kansè nan matris ak nan tete, elatriye.
- Se dwa fanm pou kontwole *pouvwa fè pitit yo*, kidonk : deside si y ap fè oswa pa p fè pitit, ki lè y ap fè pitit, konbyen pitit y ap fè.

2.3. Nan zafè edikasyon ak fòmasyon

- Pandan lontan pòt lekòl te fèmen pou tifi. Batay òganizasyon fanm yo vin chanje sa. Men, toujou gen mwens fi nan gwo klas yo ak nan inivèsite.
- Pa gen anpil òpotinite pou jènfi ak fanm jwenn bonjan fòmasyon teknik.

2.4. Nan zafè fanmi

- Bourike nan kay pa konsidere tankou yon travay, yon travay ki enpòtan.
- Yo pa bay dizon fanm menm enpòtans ak pa gason.
- Pwoblèm papa ki pa pran responsablite yo parapòta timoun yo.
- Fanm ak tifi sibi anpil vyolans nan kay la.

2.5. Nan zafè travay

- Fòs kouray fanm pa peye menm jan ak pa gason.
- Sosyete a pa bay travay fanm peyizàn yo nan agrikilti vale li merite.
- Anpil fanm ap sibi tizonnay seksyèl (*asèlman*) oswa kadejak nan travay yo.